

James J Sullivan School
5300 Ditman Street
Philadelphia, PA 19124

26 Septanm 2016

Chè Paran/Responsab Legal:

Tankou ou konnen, Sullivan Elementary rive nan klas 5yèm ane sèlman. Tout elèv yo pral transfere otomatikman nan Harding Middle School pou yo antre nan klas 6yèm ane apre yo fini klas 5yèm ane nan mwa jwen. Si yon elèv ki vle ale nan yon lòt Lekòl Pre-Segondè Philadelphia oswa nan yon lekòl ki gen klas matènèl-8yèm ane, l ap bezwen fè pwosesis aplikasyon elèv yo.

Elèv yo kapab jwenn aplikasyon yo nan kont nè paran yo oswa nan kont elèv yo. Non itilizatè ak modpas elèv la endike anba la a.

Elèv yo kapab aplike pou kalite lekòl sa yo ki nan vil la:

Lekòl Katye – Se sèlman lekòl ki endike yo ki disponib. Nou chwazi elèv yo nan tiraj-osò.

Lekòl ki Fè Admisyon nan Vil la – Lekòl yo louvri pou tout moun k ap viv nan Philadelphia. Nou chwazi elèv yo nan tiraj-osò.

Lekòl ki Fè Admisyon Espesyal – Tout elèv yo kalifye pou yo aplike. Nou chwazi elèv yo pou yo ale nan lekòl sa yo si yo satisfè kritè yo, epitou si gen plas ki disponib pou yo.

- Academy for the Middle Years (AMY) Northwest
- Andrew Hamilton Achieving in Middle School (AIMS)Magnet Program
- Conwell Middle Magnet School
- Carver Engineering &Science Middle Years Program
- Girard Academic Music Program- GAMP
- Grover Washington Music Magnet Program
- Hill Freedman World Academy
- Masterman Laboratory & Demonstration Middle Magnet School

Dat Limit pou ranpli ak soumèt aplikasyon ki sou liy lan se 14 novanm anvan 5:00 p.m. Si ou bezwen èd, tanpri rele mwen nan nimewo 215-537-2524 pou pran yon randevou.

Ak tout kè nou,

Denise Klein, Konseye

NON UTILIZATÈ AK MODPAS (STUDENT USERNAME AND PASSWORD)